# PEDAGOGIKA ILIMLERI

## Pedagogika teoriyası hám tariyxı

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН МЕКТЕПЛЕРИНДЕ ХИМИЯ ПӘНИН ОҚЫТЫЎ ТАРИЙХЫНАН

**Э.Абдисаттарова -** *докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** мактаб, кимё, педагогика, дарслик, элемент, программа, ўқув, анорганик кимё, органик кимё, методика.

**Ключевые слова:** школа, химия, педагогика, унсур, элемент, программа, учёба, анорганическая химия, органическая химия, методика.

**Key words:** school, chemistry, pedagogy, textbook, element, program, study, inorganic chemistry, organic chemistry, methodology.

Химия пәнин оқытыў мәселелери өзиниң раўажланыў тарийхына ийе. Химияны оқытыўға тийисли дәслепки илимий пикир хәм көзқараслар XVIII әсирде пайда болды. Химия тараўында үлкен ашылыўлар қылған атақлы алымлар сол ўақыттағы химияға тийисли оқыў орынларында сабақ алып барған ҳәм буны аңсат үйретиўи есабынан оқыў қолланбалар жазған. Мәселен рус алымы М.В.Ломоносов атом-молекуляр тәлийматты жаратып, затлардың қәсийетлерин олардың ишки дүзилиси жәрдеминда тийкарлаў мүмкин екенлигин көрсетти ҳәм өзиниң «Чин физик-кимё муқаддимаси» мийнетинде химия пәни бойынша билим бериўдиң усылларын көрсетип береди. Ол химиялық билимлерди ийелеўде химиялық эксперименттен пайдаланыў әхмийетли екенлигин дәлилледи. Сондай-ақ, алымлар А.Лавуазье, Ж.Далтон, С.Каниццаро ҳәм басқалар өзлериниң жаратқан теориялық концепциялары ҳәм нызамлары тийкарында оны оқытыў методикасын да тийкарлап берген.

Д.И.Менделеев "Элементлердиң дәўирлик нызамы ҳәм системасы"н жаратты, элементлердиң қәсийетлери арасындағы байланысларды анықлады. Оның дәўирлик нызам тийкарында жазған "Химия тийкарлары" сабақлығында элементлерди дәўирлик кесте топарлары бойынша үйрениў усылларын көрсетип берди. Бул усыл ҳәзирги күнде де анорганикалық химияны үйрениў методының тийкары есапланады. А.М.Бутлеров түрли органикалық бирикпелер арасындағы өз ара байланысларды өзи жаратқан химиялық дүзилис теориясы жәрдеминде тийкарлап береди. Органикалық затларды химиялық дүзилислери тийкарында классларға бөлип үйрениўди усыныс етти. 1920-жылларда химия пәнинен мектеп дәстүрин ҳәм сабақлықларды жаратыў мәселеси көтерилген еди. Бул ўазыйпаны шешиў ушын В.Н.Верховский ҳәм П.Лебедевлар басшылық қылды. 1920-жылда химия бойынша еки түр дәстүр жаратылды. В.Н.Верховский басшылығындағы авторлар химияны үйрениўде оқыўшылардың пикирлеў қәбилетлерин раўажландырыўға итибар береди. Дәстүрде затлардың класслары, химиялық элементлердиң белгилерин үйрениўге үлкен әхмийет қаратылды. Демонстрациялық ҳәм лаборатория тәжирийбелерин ҳәм әмелий шынығыўларды өткизиўге итибар қаратылған ҳәм дәўирлик нызам сабақлықтың ақырында берилген. П.Лебедев жобасында болса химия оқыўда тийкарғы итибар оның халық хожалығында ислетилиўине қаратылған. Дәслеп, П.Лебедев жобасы қабыл қылынды. Бирақ, педагогикалық тәжирийбелерде бул жоба өзин ақламады. Соның ушын 1932- жылда Верховский жобасы қабыл қылынды ҳәм сол жоба тийкарында "Анорганикалық химия"дан биринши турақлы сабақлық В.Н.Верховский, Л.М.Сморганский, Я.Л.Гольдфарб тәреплеринен жаратылды ҳәм узақ ўақыт оннан пайдаланылды. 1935-жыллардан баслап, Республикамыз аймақларында педагогикалық институтларының ашылыўы, оларда химия өтиў методикасы пәнининң оқытыла басланыўы, олар ушын илимий педагогикалық кадрлар таярлаў мәселесин келтирип шығарды. 1940 жылда Ташкент Педагогикалық пәнлер илимий изертлеў институты жумыс ислей баслап химияны оқытыў методикасы мәселелери де изертленди.

Өзбекстанда педагогикалық жоқары оқыў орынлары ушын химия оқытыў методикасы бойынша илимий педагогикалық кадрлар таярлаў 1960- жылларда ҳәўиж алды. 1964-жылда А.Мамажонов "Ўрта Осиё қишлоқ мактабларида агрокимё бўйича синфдан ташқари ишлар" темасында педагогика илимлери кандидаты илимий дәрежесин алыў ушын диссертация жақлады. Усы диссертация жумысына Б.В.Ходаков басшылық қылған. Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик педагогикалық институты химия кафедрасының баслығы, профессор Р.Қ.Қодиров басшылығында Өзбекстан мектеплеринде жергиликли шийки зат ресурсларынан өнимлер ислеп шығарыў мәселелерин химия оқытыўда жарытыўға бағышланған илимий педагогикалық излениўлер алып барылып, бир қатар илим кандидатлары таярланды. 1965-жылда Ж.Фаёзов "Ўзбекистон мактабларида кимё курсининг қишлоқ хўжалиги билан боғланиши", 1972-жылда М.Умаров "Пахта кимёси махсус факультатив курси" темаларында химия оқытыў методикасы бойынша педагогика илимлериниң кандидаты илимий дәрежелерин алыў ушын диссертациялар жақлады.

1995-жылда доцент Х.Т.Омонов химияны оқытыў методикасы бойынша педагогика пәнлери докторы илимий дәрежесин алыў ушын диссертация жазды ҳәм оның басшылығында илимий-педагогикалық кадрлар таярлаў даўам еттирилди. Педагогика илимлериниң докторы, профессор Х.Т.Омонов басшылығында химияны оқытыў методикасы бойынша онлап педагогика пәнлери кандидатлары таярланды. Илимий педагогикалық кадрлар таярлаў ҳәзирги Өзбекстан миллий университетинде де әмелге асырылды.

1967-жылда проф. Х.Р.Рахимов басшылығында 2 пән кандидаты, 1997- жылда проф. Ў.Н.Мусаев басшылығында 1 илим кандидаты таярланды. Мектепте химия оқытыў Өзбекстан ғәрезсизликке ерискенше жаратылған химия сабақлықларының өзбек тилине аўдарылған аўдармасы тийкарында алып барылды. 1990-жыллардан баслап мектеп химия курсы 8,9,10,11-класлары ушын Г.Э.Рудзитис, Ф.Г.Фельдманлардың мектеп химия сабақлықлары алдыңғы мектеплерде тәжирийбе сынаўларынан өткизилгеннен соң оқыў процесине усынылды. Өзбекстан ғәрезсизликке ерискеннен соң мектеплер ушын миллий химия сабақлықларын жаратыў химия билиминиң тийкарғы ўазыйпасы қылып белгиленди. 1993-жылдан баслап республикамыз мектеплеринде 8–класслар ушын "Анорганикалық химия" сабақлығы, 2000- жылдан 9–класс "Анорганикалық химия " сабақлықлары А.Мамажонов, М.Нишонов, С.Тешабоевлар тәрепинен жаратылып оқыў процесслерине енгизилген. Биринши жаратылған миллий сабақлықлар, әлбетте, кемшиликлерсиз болмаған. 2004-жылдан баслап 7,8,9–классларда химия оқытыў И.Асқаров, Н.Тўхтабоев, К.Ғофиров тәрепинен жаратылған сабақлықлар тийкарында әмелге асырылды. Миллий сабақлықларда Рес-

публиканың тәбийий – химиялық ресурслары ҳәм олардан өнимлер ислеп шығарыў, ертедеги шығыс ойшылларының химияға тийисли қалдырған мийраслары, Республика химик алымларының ашылыўлары өз орнын тапқан [1:10].

Сондай-ақ, мектеплерде химияны оқытыў усылларын изертлеў ҳәм жетилистириў машқаласы Қарақалпақстан Республикасында да қолға алынды. 1918-жылы 31-октябрьде мектеплер ҳаққында қарар шықты ҳәм барлық миллет мектеплеринде өз ана тилинде оқыўды шөлкемлестириў ҳаққында айтылып, Халық билимлендириў бөлими биринши рет Нөкисте, Назарханда, Шымбайда, БийБазарда, Шейх-Аббазда, Сарыбийде ана тили ҳәм рус тилинде оқытатуғын баслаўыш мектеплерди ашыў керек деген машқаланы көтерди. Әмиўдәрья бөлими Халық билимлендириўиниң бул басламасын халық жыллы күтип алды ҳәм мектеп қурыўға белсене жәрдем берди. Оқытылып атырған мектеплердиң атлары өзгере баслады: бурынғы рус тилиндеги рус-тузем мектеби жергиликли халық ушын биринши басқыш мектеби болды, бурынғы татарлардың ашқан меншик мектеплери-биринши басқыш татар мектеби, ширкеў мектеплери-биринши басқыш рус мектеби, жоқары басланғыш қалалық училище-екинши басқыш мектеби болып қайта аталды. Мектеплерди муғаллим қәнигелер менен тәмийинлеў мақсетинде 1920-жыл 7-сентябрьде Туркистан мәмлекетлик университети ашылды.

Университетте химия бойынша да муғаллим таярлаў ислери нәзерде тутылды. 1920-1922-жыл аралығында областтағы 8 мектеп 19 мектепке көбейди. Мектепте 78 хызметкер жумыс иследи. Базыбир жерлерде меншик жаңа усылдағы «Төтеоқыў» деп аталған мектеплер болып оның муғаллимлери татар ҳәм қазақлар болған. Жергиликли миллеттен тәжирийбели саўатлы муғаллим жетиспеген. Көбинесе, тийкарғы пәнлерден татар муғаллимлер оқытқан ҳәм оқытылған пәнлерден рус тили, арифметика, география, педагогикадан сабақ берилип тийкарғы дыққат ана тилин үйрениўге ҳәм жазыўға қаратылған. Бул гезде путкил область бойынша мектеплерге муғаллим жетиспеди. Усы мақсетте 1925-жылы Қарақалпақ педагогикалық техникумы ашылды. Бул кейинирек Қарақалпақстанның биринши педагогикалық оқыў орнына айланды. 1929-1930-оқыў жылы ески мусылман мектеплери улыўма сапластырылды. 1925-1931-жыл аралығындағы 5 жыл ишинде мектеплер саны 7 мәртеге көбейди. 1925-жылда қарақалпақлар Қазақстан ССРы қурамына киргеннен соң оқыў гейпара орынларда муғаллимниң табылыўына қарап, татар тилинде оқытылған болса, кейин қазақ тилинде оқытылған. Қарақалпақлар ушын қазақ тили татар тилине қарағанда анағурлым түсиникли болған [2:268]. 1925-1926 оқыў жылында педагогикалық техникумларда химия пәни оқытылған ҳәм китапханалары химия әдебиятлары менен тәмийинленген. Мектептиң биринши жылларында қарақалпақ тилинде сабақлық китаплар жоқ болғанлықтан, муғаллимлер татар, қазақ, өзбек тилиндеги оқыўлықтан пайдаланып сабақ өткен. Усыған қарамастан, үш-төрт жылдың ишинде барлық тийкарғы предметлер бойынша соның ишинде химиядан да жаңа программа, сабақлық, есап ҳәм шынығыўлар топламы, оқыў предметлерин оқытыў методикасы ислеп шығылды.

Қарақалпақ мектеплеринде химияны оқытыўдың иске түсиўи 1931-жылдан басланды. 1931-жылы 5-сентябрьде жарияланган «Баслаўыш ҳәм орта мектеп ҳаққында»ғы қарарына тийкарланып, мектеплерде ана-тили, математика, физика, химия, география, тарийх пәнлери системалы түрде өтиўи белгиленди. Бир жылдан соң 1932-жылы 25-октябрьде айырым оқыў программаларының қанаатландырарсыз болғаны ушын балалардың жас өзгешелигине сай келетуғын программаға тийкарланып көлемли оқыў материалларында физика, химия, биология пәнлеринен лаборатория жумысларын оқыў сабақлықлары қурамына киргизиў әмелге асырылған.

Оқыў жумысларын шөлкемлестириўдиң тийкарғы формасы белгили сабақ кестеси бойынша сабақ өтиў болды. Физика, химия пәнлерин оқытыў бойынша оқыў қолланбалар таярланыўын шөлкемлестирип бериў кереклиги себепли Халық Билимлендириў Комиссариатында «Тез арада айырым сабақлар ушын оқытыў методикасын ислеп шығыў және де оқыў - тәрбиялық жумысларын (мысалы лабораторияда, өндиристе, мектеп қасындағы участкаларда) қатнасыўшылардың жасына сай түрде қолланыўын ислеп шығыў» әмелге асырылды.

1932-жыл 25-августта «Оқыў программа ҳәм баслаўыш ҳәм орта мектептиң тәртиби ҳаққында»ғы қарарға тийкарланып, оқыў процесинде сабақларды шөлкемлестириўине дыққат қаратылды ҳәм химия предмети өз алдына оқыў предмети болып қәлиплести [3:11]. 1933-жылы 12-февральда сол ўақыттағы Халық Билимлендириў Комиссариаты көп жыллар даўамында пайдаланыў ушын турақлы сабақлық китапларын ислеп шығыўды додалады. Орта мектеплерде химияны оқытыў методикасын раўажландырыўда С.И.Созонов, С.Г.Крапивин, В.Н. Верховскийдың ислеген мийнетлери көп болды. Россияда орта мектеплерде химия пәнин оқытыўда Д.И.Менделеевтиң шәкирти химик-методист С.И.Созонов (1866—1931)тың мийнетлери бар. Ол химияны оқытыўда химиялық экспериментке көп дыққат аўдарды ҳәм С.И.Созонов биринши мәрте орта мектепте тәжирийбе сабақларының қолланылыўын ислеп шықты. С.И.Созонов В.Н.Верховский менен биргеликте биринши оқыў лабораториясын жаратты. В.Н.Верховскийдың тийкарғы мақсети химия пәнин оқытыўды ислеп шығыў еди. Мектеплерде химияның оқытылыўында В. Н. Верховскийдың Л. М. Сморгонский ҳәм Я.Л.Гольдфарб пенен бирге ислесиўи орын алды. Химияны оқытыўдағы бул жетискенликлер қарақалпақ мектеплери ушын химияны оқытыў барысында да кең қолланылды. 1932-жылы В.Н. Верховскийдың басшылығында химия пәнинен оқыў программасы ислеп шығылды ҳәм 1933-жылы орта мектеплер ушын В.Н.Верховскийдың «Анорганикалық химия» оқыў сабақлығы басылып шықты. 1934-жылы В.Н.Верховскийдың «Химияны оқытыў методикасы» деген китабы шығарылды. 1935-жылы Л.М.Сморгонский ҳәм Я.Л.Гольдфарб орта мектеп ушын «Органикалық химия» оқыў сабақлығын ислеп шықты. Бул еки оқыўлық китаптан барлық мектеплер бир неше жыл химияны оқыды ҳәм бул китаплар барлық халықлардың тилине усының ишинде қарақалпақ тилине де аўдарылған [3:16].

1934-жылы жаңа мектеп дүзилиси яғный баслаўыш мектеп (I-IVкласс), толық емес орта(I-VIIкласс), орта мектеп(I-Хкласс) болып бекитилди.

1935-жыл 3-сентябрьде қабыл еткен «Оқыў жумысларын шөлкемлестириў ҳәм баслаўыш мектеп, толық емес орта, орта мектептиң ишки тәртиплери ҳаққында»ғы қарары мектеплердеги тәртипти жолға салыў ушын пәнлерди усының ишинде химияны оқытыў усылларын жетилистириў исинде үлкен маңызға ийе болды. Бул талаплар ҳәм көрсетпелер сол ўақыттағы Қарақалпақстан мектеплеринде химия пәнин оқытыў усылларын жетилистирип барыўда үлкен дерек есапланды.

**Әдебиятлар**

1. Раҳматуллаев Н.Г., Омонов Х.Т., Миркомилов Ш.М. Кимё ўқитиш методикаси. –Тошкент: “Ўқитувчи”, 2009.

2. Урумбаев Ж. Очерки истории школ Каракалпакстана. – Нукус: “Каракалпакстан”, 1974.
3. Чернобельская Г.М. Методика обучения химии в средней школе. –Москва: «Владос», 2000.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада кимё фанининг фан сифатида шаклланиши, кимё фани бўйича дастур ва биринчи дарсликларни ишлаб чиқиш тарихи келтирилган. Қорақалпоғистонда умумтаълим мактабларида ўқитишнинг олиб борилиши ва кимё фанининг ўқитилиши тарихи келтирилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье описывается становление химии как науки, разработка программ по химии и говорится также о первом учебнике по химии. Делается обзор по истории преподавания химии в общеобразовательных школах Каракалпакстана и о состоянии преподавания химии сегодня.

**SUMMARY**

The author of the article describes the development of chemistry as a science, the development of chemistry programs and the first textbook in chemistry. There is a review on the history of teaching chemistry at general educational schools of Karakalpakstan and the teaching of chemistry today.

**УДК:371.036:1702**

## ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ДӘСТАНЫ «ШАРИЯР»ДАҒЫ ШАҢАРАҚ ТӘЛИМ-ТӘРБИЯСЫ ҲАҚҚЫНДА ЭТНОПЕДАГОГИКАЛЫҚ КӨЗҚАРАСЛАР

**Е.К.Алламбергенов –** *еркин излениўши*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** миллий қадрият, этнопедагогика, инсон манфаатлари, инсон эркинлиги, достон ва халқ таълим-тарбияси, «Шарияр» достони, оила тарбияси, ёш ўсмир қизларни турмушга тайёорлаш масаласи.
**Ключевые слова:** национальные ценности, этнопедагогика, потребности человека, свобода личности, дастан и общеобразовательное воспитание, эпос «Шарьяр» воспитание в семье, вопросы подготовки девочек-подростков к браку.
**Key words:** national values, Ethnopedagogy, human needs, freedom of a person, dastan and folk education and upbringing, epos «Shariyar», family education, issues of preparing girls-teenagers to marriage.

Ҳәзирги дәўирде Өзбекстан Республикасында «Инсан мәплери ҳәмме нәрседен жоқары» деген уллы идея Президентимиздиң басламасы менен мәмлекетлик сиясатқа айланып атырғанлығы күнделикли турмыс мысалында өз тастыйығын таппақта. Мысалы, Президент Ш.Мирзиёев басламасы менен 2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес тийкарғы жөнелеси бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы ислеп шығылғанлығы ҳәм ол 2017-жылдан баслап әмелиятқа ендирилип атырғанлығы жәмийетимизде инсан факторының биринши орынға қойылғанлығының айқын дәлили болып табылады [2].

Жәмийетте инсан еркинлигин тәмийинлеў ушын тек ғана мәмлекет емес, пуқараларды өзин-өзи басқарыў шөлкемлемлери, улыўма, барлық пуқаралық институтлар, бир тән, бир жан болып биргеликте жумыс алып барыўы керек. Бул мәселеде Президентимиздиң «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясын әмелге асырыўда, биз бурынғыдай, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органлары-мәҳәллелер, сондай-ақ, мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлер, еркин ҳәм қалыс ғалабалық хабар қураллары жедел орын ийелейди, деп исенемиз» [1:141], деген баҳалы көрсетпеси де бизге үлкен турмыслық бағдарлама болатуғынлығы сөзсиз.

Ҳәзирги жәмийетлик өмиримизде пуқарлық институтлардың пүткил системасының кем-кемнен раўажландырылып барылып атырғанлығы болса, мине, усы ўазыйпалардың турмысқа ендирилиўиндеги дәслепки адым болып есапланады. Мине, усындай пухаралық жәмийет қурыўдағы әҳмийетли институтлардың бири – шаңарақ болып табылады. «Шаңарақ жәмийеттиң тийкарғы буўыны есапланады, соның менен бирге, ол жәмийет ҳәм мәмлекет қорғаўында болыў ҳуқықына ийе» [3:3].

Конституция бойынша түсиндирме илимий әдебиятлар менен Конституциялық ҳуқық пәни сабақлықларында болса оның пухаралық жәмийет қурыўдағы тутқан орны менен атқаратуғын хызметкерлерине айрықша итибар бериледи. Бул әдебиятларда көрсетилиўинше, шаңарақ - жәмийеттиң ең дәслепки таяныш дүзилмеси ҳәм өсип-өниўиниң үзликсизлигин тәмийинлеў тәризи» [4] болып табылады.

Шаңарақтың усындай муқаддеслик сыпатларын, яғный айтқанда, оның жәмийеттиң тийкарғы буўыны ҳәм дәслепки таяныш дүзилмеси болыўын тәмийинлеў идеясын бүгинги ғәрезсизлик дәўиримиздегидей көринислерде турмысқа ендириў бизиң ата-бабаларымыздың мың-мың жыллардан берли әрманы болып келди. Сол ушын да олар шаңарақ, шаңарақ ағзалары, оның қос арысы - ерли-зайыплылар, олардың өмириниң гүллери – ул-қызлары, олардың шаңарақты тутқан орны ҳәм ҳуқықы ҳаққында өз турмыс тәжирийбесинен келип шыға отырып, шаңарақ интизамы ҳәм ҳуқықы бойынша үлкен энциклопедиялық халықлық аўызеки нызам тәртиплери жыйынтығын дөретип барыў менен бирге, оны муқаддес мийрас сыпатында әўлатдан-әўладқа қалдырып отырған. Шаңараққа байланысы бул халықлық ҳақыйқый көзқараслар олардың аўызеки көркем әдебияты шығармаларында «өз үйимөлең төсегим», «ер-қатын-қос арыс, қос өгиз», «атаның салған жолы бар, ененин пишкен тоны бар», «от басында отағасы», «ўяда нении көрсең, ушқанда соны ислейсең», «ата көрген оқ жонар», «анасын көр де қызын ал» ҳәм т.б. сыяқлы мәнилерде өз сәўлелениўин таўып отырған.

Усы көзқарастан қарағанда, қарақалпақ халық дәстаны «Шарияр»дың да халық этнопедагогикасындағы тәлим-тәрбиялық көзқараслардың пайда болыў, қәлиплесиўинде тутқан орны оғада уллы. Себеби, бул дәстанда ортаға қойылған мәселелердиң шешилиўи менен сол тийкарғы айтылажақ ой-пикирди ашып бериўши қаҳарманлар образының жасалыў жолларына сер салып қарасақ, онда қаҳарманның индивид сыпатында туўылыў дәўирлеринен тартып жекке тулға болып қәлиплескенге дейинги барлық тәлим-тәрбия түрлери өз көркем сәўлесин тапқан. Бул тәрбия ҳәм тәлим түрлери, әсиресе, дәстандағы бас қаҳраман Шариярдың туўылыў, ақыллы, билимли, ата-анасына, ели-халқына, ағайин-туўысқан, дос-яранларына садық, мийирман, әдеп-икрамлы, мийнетсүйгиш, ҳадаллық, ҳақыйқатлық ушын гүресиўши адамгершиликли, сап ҳүжданлы инсан ҳәм әдил басшы болып жетилисиўи ҳаққындағы сюжетлик мотивлерде жүдә айқын көзге тасланады. Қулласы, дәстанда шаңарақ тәрбиясынан тартып, ол, мейли, әдеп-икрам, мийнет, ақыл, дослық, туўысқанлық, адамгершилик, тәбиятқа, ел-халыққа, Ўатанға сүйиспеншилик тәрбиясы ма, тәбияттың, жәмийеттиң сырларын үйрениўге қызығыўшылықты өз ишине алған билимлендириў түрлери ме – барлық-барлық тәлим-тәрбия түрлериниң көринислери сәўлеленгенлигин көриўге болады.

Биз бул кишкене мийнетимизде, мине, усындай